



Avi Endistri #21-04
POU PIBLIYE IMEDYATMAN
Dat Biblikasyon an: 30/8/2021

Avi Endistri sou Klas Renouvèlman

Aloysee Heredia Jarmoszuk
Manm Komisyón /Prezidan
tlccommissioner@tlc.nyc.gov

Allan J. Fromberg
Afè Piblik
frombera@tlc.nyc.gov

Rebekka Harshbarger
Afè Piblik
harshbargerR@tlc.nyc.gov

33 Beaver Street
22nd Floor
New York, NY 10004

Kòmanse 1ye janve 2022, tout moun ki gen lisans Chofè TLC yo dwe fè yon klas edikasyon kontinye kòm yon egzijans pou renouvre lisans yo a. Objektif klas sa a se pou bay fòmasyon pwofesyonèl ak pratik sou fòmasyon pou kore travay yo kòm Chofè pwofesyonèl epi amelyore sekirite piblik.

Plizyè Chofè te reponn sondaj TLC te bay prentan ki sot pase a epi yo te mande plis fòmasyon sou sèvis kliyantèl, konpetans pou kondui pi byen, ak konsèy pou fè plis lajan. TLC te enkòpore fidbak Chofè yo, ansanm ak patenè li nan endistri a, epi li te kreye yonkou ki gen sijè sa yo plis fòmasyon sou konpetans pratik. Plis sijè fòmasyon gen ladan yo:

- Kijan pou w sèvi sèvis anliy TCL tankou LARS ak TLCUP
- Kisa pou w fè si yon Chofè jwenn yon ontravansyon
- Gwo règ ak politik tankou salè chofè
- Konsèy pou bay kliyan yo bonjan sèvis
- Fason pou ede kliyan ki gen andikap yo epi pratike operasyon machin ki aksesib pou chèz woulant

Kimoun? Tout Chofè ki gen Lisans TLC (chofè transpò adapte ak kamyonèt (van) piblik yo pa ladan)

Kisa? Kou Renouvèlman Lisans Chofè TLC (6 èdtan)

Kilè? Ou sipoze fini ak klas a pou renouvre yon lisans chofè TLC

Ki kote? Kou a disponib nan plizyè lang kay Founisè Edikasyon Chofè TLC yo kòmanse 1ye oktòb 2021

Chofè ki gen lisans TLC yo ka pran klas Renouvèlman Lisans TLC a tan pou yo pran klas Pou Konduit Defansiv la pou redui pwen sou Lisans Chofè TLC yo a.

Tanpri note klas Renouvèlman Lisans Chofè TLC a gen yon frè an plis epi Chofè yo pral peye Founisè Chofè TLC Otorize a dirèkteman pou pri klas la.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou
www.nyc.gov/tlcdrivereducation oswa kontakte education@tlc.nyc.gov



**Avi Endistri #21-04
POU PIBLIYE IMEDYATMAN
Dat Publikasyon an: 30/8/2021**